

Fanmi potansyèl yo **ETAP POU ENSKRIPSYON**


UCP TRANSITIONAL LEARNING ACADEMY (TLA)

Mèsi anpil pou enterè w genyen nan enskri potansyèlman pitit ou an nan UCP Charter Schools!

Nou kontan kòmanse travay avèk ou ansanm ak pitit ou an. Kòm yon rapèl - nou gen enskripsyon an priyorite pou nouvo ane lekòl la ant 1ye Janvye ak 1ye Mas epi apre sa, selon disponibilite epi n ap gen enskripsyon ouvri apre dat sa a. Sonje tou ke se pa tout lekòl nou yo ki sèvi menm kalite pwogram/klas yo.


1. Revize sitwèb nou an pou aprann plis sou UCP Charter Schools ak kanpous nou yo: ucpcharter.org.

- Vizite seminè anliy nou an tou pou jwenn repons kesyon yo poze souvan:
<https://bit.ly/UCP-InfoWebinar>



2. Ranpli Fòmilè Enterè nou an:

<https://bit.ly/UCPTLA-Interest2023> oswa itilize Kòd QR ki anba a epi voye yon kopi IEP/IFSP pitit ou an si sa aplikab pou Ekip Admisyon an:




3. Apre w fin soumèt Fòmilè Enterè w la: y ap envite w pou w patisipe nan yon vizit oswa yon jounen ouvèti ak pitit ou a pou w gen posiblite pou w poze kesyon epi detèmine si UCP Charter Schools pi bon pou satisfè bezwen pitit ou a.

4. Si w enterese avanse, ranpli yon aplikasyon epi kreye yon Kont Brightwheel pou pitit ou a: <https://bit.ly/ucp-brightwheel-login> oswa itilize Kòd QR la anba a:



5. Si gen plas pou elèv ou yo (selon laj/klas yo ak bezwen pwogram yo) - lekòl la ap ofri pitit ou a yon plas. Yo pral mande w aksepte espas la nan 3 jou epi soumèt rès dokiman an nan 2 semèn pou kenbe plas ou. Dokiman yo mande a ap vini atravè Brightwheel, kidonk chèche li la. Si w pa aksepte/retounen materyèl yo alè - y ap ofri plas elèv ou a bay pwochen timoun nan.

6. Retounen lekòl: Tout dokiman yo dwe soumèt anvan yon timoun kapab kòmanse premye jou lekòl la. Y ap mande paran yo pou yo soumèt plizyè fòmilè tounen lekòl anvan premye jou lekòl la. Yo pral mande sa yo tou atravè Brightwheel.



Fanmi potansyèl yo **ETAP POU ENSKRIPSYON**

Kontinye

Kilè ou ka enskri?

UCP kenbe enskripsyon priyelite nou an ant 1ye Janvye ak 1ye Mas chak ane pou enskripsyon ane lekòl ki vin apre a. Apre 1ye Mas, plas yo pral ranpli sou yon baz premye rive, premye sèvi.

1. Lotri/enskripsyon an rekòmanse chak ane (sa vle di lis datant la pa pote sou li - tout moun kòmanse nan menm kote chak ane).

2. Pou Enskripsyon an Priyelite a - tout elèv ki elijib ki soumet aplikasyon yo ant 1ye Janvye ak 1ye Mas (oswa avize lekòl la ke yo vle rete sou lis datant lan) pral:

- Si gen plas pou ptit ou a - kanpous la ap ofri ptit ou a yon plas pou ane lekòl kap vini an.
- Si gen plis elèv ke plas lè sa a - ptit ou a pral antre nan yon lotri owaza anvan 7 mas. Si yo chwazi ptit ou a, y ap mande w pou w aksepte plas la nan 3 jou ouvrab (epi w ap retounen lòt papye enskripsyon an nan lespas 2 semèn) pou konfime plas ou a. Si w pa ranpli materyèl yo - y ap ofri plas elèv ou a bay pwochen timoun nan. Dokiman yo mande a ap vin jwenn ou atravè Brightwheel, kidonk chèche li la!

3. Pou demann ki soumet nan oswa apre 1ye Mas:

- **si gen plas pou ptit ou a** - kanpous la ap ofri ptit ou a yon plas pou ane lekòl kap vini an. Y ap mande w pou w aksepte espas la nan 3 jou ouvrab (epi w retounen lòt papye enskripsyon an nan lespas 2 semèn) pou konfime espas ou a. Dokiman yo mande a ap vin jwenn ou atravè Brightwheel, kidonk chèche li la!
- **Si gen plis elèv lè sa a ke plas** - ptit ou a pral antre nan lis datant lan dapre dat Fòmilè Enterè yo.
- **Si yon espas vin disponib** - kanpous la ap ofri w espas la epi w ap mande w aksepte espas la nan 3 jou ouvrab (epi retounen lòt papye enskripsyon an nan 2 semèn) pou konfime espas ou a.
- **Si w pa ranpli materyèl yo** - y ap ofri plas elèv ou a bay pwochen timoun nan. Dokiman yo mande a ap vin jwenn ou atravè Brightwheel, kidonk chèche li la!